**МУНИЦИПАЛЬНОЕ КАЗЕННОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ**
**«СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ ВЕРХНИЙ КУРП»**

# Темэр:
# Бозий Лудин и рассказ «Хъерлы зыгъэп1ейтейр».
# Бзэр к1уэдыжмэ, лъэпкъри к1уэдыжащ.

*Адыгэбзэмрэ литературэмк1эрэ*

*егъэджак1уэ Тlымыжь Лацэ*

Темэр:  Бозий  Лудин «Хъерлы зыгъэп1ейтейр».
Бзэр к1уэдыжмэ, лъэпкъри к1уэдыжащ.
**Мурадхэр:**

1. Дэтхэнэ  зы  ц1ыхуми  езым  и  бзэр  ищ1эжу, абык1э  гупсысэфу, псэлъэфу  щытын  зэрыхуейр  еджак1уэхэм  зыхегъэщ1эн.
2. Нэгъуэщ1 лъэпкъхэми  дэ  ди  бзэр  зэращ1эр, абы  зэрырипсалъэфыр, ди  хабзэхэм, ди  тхыдэм  ф1ыуэ  щыгъуазэу  узэрыщытын  хуейр, ар  ф1ыуэ  ялъагъуу  рассказым  къызэрыхэщым  гу  лъегъэтэн.
3. Игъащ1э  лъандэрэ ди лъэпкъым зэрихьа хъугъуэф1ыгъуэхэр  хъумэн  зэрыхуейр  яже1эн.Я бзэм загъэужьын

Урокым къэзгъэсэбэпахэр: доска, тхылъ,  компьютер, проектор.

**Урокым и ек1уэк1ык1энур:**

**Си лъэпкъым щ1эблэ къыщ1эхъуэху**
**Насып вагъуэбзу ужьэхэпсэу**
**Я нэхъ тхьэмыщк1э ар щыхъуам**
**Уре1э уэ, си адыгэбзэ!**
**(Бемырзэ Мухьэдин).**

1. **Организационнэ дакъикъэ.**

**-Фи махуэ ф1ыуэ, ц1ык1ухэ.**

Ц1ык1ухэ, нобэрей  ди урокым лэжьыгъэшхуэ ди пащхьэ къорегъэувэ. Псынщ1эу ик1и ф1ыуэ дылэжьэн щхьэк1э хабзэ пыухык1а гуэрхэм дытетын хуейщ.

**А хабзэхэр доскам** итщ, ахэр зытет карточкэхэри фи пащхьэм илъщ. Иджы а хабзэхэм фыкъеджэурэ нэхъыщхьэу фэ къэфлъытэр фубзыху, лейуэ къыфф1эщ1ри зэпрыфтхъ

**Дэрк1э нэхъыщхьэщ**:

**1**.Ди ныбжьэгъум дедэ1уэныр.
**2**.Дыкъыхэк1иик1ыу  жэуап  ттыныр.
**3**.Ди  ныбжьэгъур  зэпыдудыныр.
**4.**Псынщ1эу  ик1и  зэгуры1уэу  урокым  щылэжьэныр.
**5.**Къыщыдэупщ1ым  деж  жэуапыншэу  щысыныр.
**6.**Урок  блэк1ахэм  зэдгъэгъуэта  щ1эныгъэр  къэдгъэсэбэпыныр.
**7.**Упщ1эхэм  гупсысауэ, убгъуауэ  жэуап  етыныр.

Ди лэжьыгъэр къыдэхъул1эн папщ1э дубзыхуа хабзэхэм дыкъеджэжынщ.
Къытхуеджэ  къыхэфхахэм

**1**.Ди ныбжьэгъум дедэ1уэныр.

**2.**Псынщ1эу ик1и зэгуры1уэу урокыи щылэжьэныр.
**3.**Урок блэк1ахэм зэдгъэгъуэта щ1эныгъэр къэдгъэсэбэпыныр.
**4.**Упщ1эхэм гупсысауэ, убгъуауэ жэуап етыныр.
Псори фыарэзы абык1э?
Мис зым адрейр феда1уэу къыщ1эвдзащи а хабзэм дахэу дытетынщ.

**---Иныкъуэ хабзэхэр хэвгъэк1ащ. Сыт щхьэк1э?**

---Зэран ди лэжьыгъэм хуэхъунути.

1 упщ1э ……..
2упщ1э………
3упщ1э……..
Фи акъылхэми я жанагъыр на1уэ хъуащ…

2. **Хабзэхэри дубзыхуащ- адэк1э ди лэжьыгъэм пытщэнщ.**
3. **.**

**----Рассказым къыхэха жы1эгъуэр экраным къытрегъэдзэн, къахуеджэн.**
Вася и псалъэр щиухым, апхуэдизк1э сыук1ытати, си нэк1ур маф1эу къызэщ1энат.
- Уэлэхьи, Вася, апхуэдэ зырызи къытхок1ым. Сыт тщ1эн, «Мэлищэ щ1акъуэншэ хъуркъым», - жи1ащ пасэрейм-, жызо1э си щхьэр къысхуэмы1эту.
Маф1эгум сыкъок1ри, пэжым нэр ирещ1 жыхуа1эрати, щхьэуназэ сыхъуауэ сок1уэ. Ц1ыху блэк1хэр къызэтеувы1эурэ къызоплъ, «чэфщ» къысхужа1эу къыщ1эк1ынт.
**Мы доскам къытрезгъэдза пычыгъуэр сыт хуэдэ рассказым щыщу п1эрэт?**
---Бозий Лудин и рассказ «Хъерлы зыгъэп1ейтейм»
**----Пэж дыдэщ.**
----Мы 1ыхьэм щыщу гу лъыфтэну сыхуейт ВАСЯ псалъэр лъэныкъуит1к1и запятойк1э къыхэгъэщауэ зэрыщытым. Хэт къыджи1эфыну ар апхуэдэу щ1этхам и щхьэусыгъуэр.
Жэуап къат -обращениещи-
Пэжщ, абы адыгэбзэк1э дызэреджэр зэрызыхуагъазэ псалъэщ.
«Мэлищэ щ1акъуэншэ хъуркъым» жыхуи1э псалъэжьым гулъытэ хуэтщ1ыну сыхуейт. Сыту п1эрэ а псалъэхэм къик1ыр?
Ц1ык1ухэм жэуап къат .

**Мэл хъушэм хэтыр псори зэхуэдэу узыншэу, фэф1 тету, я инагък1и зэхуэдэкъым. псалъэжьыр 1эщым и закъуэкъым зытражы1ыхьар пасэрейхэм,мыр ц1ыхуми ехьэл1ауэ къагъэсэбэп. Гупым ядэмыхъу, хабзэхэр зымыгъэзащ1э, закъуэт1акъуи къыщыхэк1к1э а псалъэхэр къагъэсэбэп. Мис мы рассказми а псоми ядэмыхъум хужа1ауэ къыхощ.**

**----Ц1ык1ухэ, ди нобэрей урокри а рассказыращ зытеухуар. Бозий Лудин и рассказ «Хъерлы зыгъэп1ейтейр», унэм фызэджар зэпкърытхынущ . Къызэщ1эзыкъуэж урокыу ухуауэ щытынущ.**
Иджыпсту гу лъывэзгъэтэнут фи партэхэм телъ таблицэ зит тхэлъымп1э напэм, мыбы ит упщ1эхэм я жэуапыр фщ1эмэ плюс вгъэув, фымыщ1эм минус вгъэув. урокым и щ1эдзап1эм ди1э щ1эныгъэм зэрызихъуэжар къыридыпщытэнущ ,урокым и к1эм иджыри зэ къытедгъэзэжынущ а упщ1э дыдэхэм.

Рассказым дыщелэжьк1э зи мыхьэнэр мыгуры1уэгъуэу щытыну къэслъыта псалъэхэр щызэхуэхьэса псалъалъэ 1эрыщ1 ц1ык1ухэри фи партэхэм нытеслъхьащ.

Иджы рассказым 1ыхьит1увгуэшын хуейуэ щытащ, мыпхуэдэ ф1эщыгъэхэри я1эу :
*а)* урыс щ1алэм къи1уэтэжар
*б* **Хъерлы зыгъэп1ейтейр**
.
Хэт къыджи1эн япэ 1ыхьэр щиухыр дэнэ и дежми.

**---Япэ 1ыхьэм к1эщ1у дытопсэлъыхь.**

Ет1уанэ 1ыхьэр сыт зытеухуар?
Словарнэ лэжьыгъэ.
Рассказым дызыщрихьэл1а псалъэхэу зи мыхьэнэ фымыщ1энк1э хъуну къэслъытахэр доскам тетщи я мыхьэнэр фщ1эмэ фыкъыддэгуашэ, фымыщ1э къыхэк1ми псалъалъэ ц1ык1ухэр къэдгъэсэбэпынщи дубзыхунщ, зэхэдгъэк1ынщ.
Псалъэхэм долэжь.
Фыпсэу ц1ык1ухэ.

**-- Ц1ык1ухэ, сытым дыкъыхуриджэрэ рассказым?**

**1 едж.** Дыкъызыхэк1а лъэпкъыр, ди бзэр, ди хабзэр тщ1эжу дыпсэуну.
**2 едж.** Бзэр к1уэдыжмэ, лъэпкъри зэрык1уэдыжынур. Ар тхъумэн зэрыхуейр.
**3 едж.** Уи бзэм уриук1ытэн хуейкъым, ат1э урипэгэн хуейщ.

**Пэж дыдэщ , ц1ык1ухэ. Бзэр 1умпэм дымыщ1у, хэкум и пщ1эр, и нэмысыр, и хабзэ дахэхэр едгъэф1эк1уэным дыкъыхуреджэ.**

**Ц1ык1ухэ, Бэчмырзэ Вася адыгэбзэр ищ1эжмэ щеупщ1 1ыхьэр тхылъым къыщывгъуэтыт. Гупхэр мэлажьэ. Нэхъапэ къэзыгъуэтым и 1эр къе1эт.**

**Нэхъапэ къэзыгъуэтым рольк1э еугуэшри къоджэхэр.**

**--Вася, адыгэбзэр пщ1эжыркъэ?**

**--Сыт,зиунагъуэрэ щ1эзмыщ1эжыр? Уэлэхьи, Бэчмырзэ, зы псалъэ** сщымыгъупщэжа,- же1эри, щхьэ ар жып1эхха, жыхуи1эу…

----Еджак1уэхэр къоджэ

**---Фыпсэу.**

**----Васярэ маф1эгум зыхуэза щ1алэмрэ я псалъэмакъыр къэвгъуэтыт.**

**Еджак1уит1ыр зэпадзыжу къоджэ. Нэхъапэ къэзыгъуэтым рольк1э еугуэшри къоджэхэр.**

**-Уа, щ1алэ, адыгэбзэк1э щхьэ укъызэмыпсалъэрэ?**

**-Я кабардинский забиль,-жи.**

**-Сыту пщыгъпщэжрэт! Сыурыс пэтми, сэ сщыгъупщэжакъым адыгэбзэр, жыс1эмэ:**

**-А я забиль,-жи.**

**-Ат1э уэ пхуэдэ адыгэ сыхуреныкъуэ!- щыжыс1эк1э, адыгэбзэ зыкъещ1ри:**

**-Сл1ожь, щ1алэ, уи мы1уэху щ1ызепхуэр?**

Гупхэр зэпадзыжу зопсалъэ, а зэпсалъэныгъэм **диалогк1э** зэреджэри убзыхун

Упщ1эхэм жэуап ирегъэтын.

**--Сыт хуэдэ ц1ыхуу къэфлъытэрэ Вася?**

---Вася ц1ыху къулейщ. Бзит1 ещ1э. Бзэм пщ1э хуэзыщ1 ц1ыхущ.

---Абы и бзэр ф1ыуэ елъагъу, адыгэбзэри ещ1э, адыгэ лъэпкъми , абы и бзэми пщ1э хуещ1.

___Вася уи бзэр умыщ1эжыныр емык1уу къелъытэ , ик1и аращ зи анэдэлъхубзэм елъэпауэ щ1алэм щ1ыжри1эр:
**«Уэ пхуэдэ адыгэ сыхуреныкъуэ».**

**Фэ дауэ къывгуры1уэрэ а псалъэхэм я мыхьэнэр?**

**----Дауэ къыщыхъуа Бэчмырзэ урыс ныбжьэгъум къыхуи1уэтэжар?**

---Бэчмырзэ и гум щ1ыхьащ Вася къыжри1эжар. Ар абы ирогузавэ ик1и ироук1ытэ. Сыт щхьэк1э жып1эмэ, абы жи1ахэр пэжт .

**-Зи бзэ зэзымыпэсыж щ1алэм теухуауэ сыт фхужы1энур?**

----Зи бзэр зэзымыпэсыжым и лъэпкъри имылъэтэу хужып1э хъунущ.

**---Дэ ди зэманым дрихьэл1эрэ мы щ1алэм хуэдэ?**

----- Нт1э, дрохьэл1э.

**-Уи бзэр умыщ1эныр л1ыгъэу къэзылъытэ къыфхэт фэ?**

---Хьэуэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи ф1ыуэ мыпсалъэ къытхэтщ.

**--- Апхуэдэр нэхъ мащ1эу, е тхэмытыххэу дызэрыщытынум дыхущ1экъун хуейщ.**

**------Хэтыт, ц1ык1ухэ, Бэчмырзэ а хъыбарыр зыжри1эжыр?**

-----Хъерлы дадэм.

**-----Сыт жи1эрэ Хъерлы а хъыбарыр щызэхихым?**

**(Хъерлы жи1ам къегъэджэн)**

**… Абы лъандэрэ зэман куэд дэк1а пэтми, нобэр къыздэсым Вася и псалъэхэр щ1ы1э-щ1ы1эу къыспкърохьэ….къоджэ.**

**----Ц1ык1ухэ, фэ арэзы фытехъуэрэ ди нэхъыжьыф1Хъерлы и псалъэхэм?**

----- Нт1э, ди жагъуэ зэрыхъущи, куэдым урохьэл1э, адыгэу, ауэ адыгэбзэк1э мыпсалъэу.

----- Бзэ куэд зыщ1эр къулейщ. Зэгъащ1э нэгъуэщ1ыбзэри, ауэ уи бзэр, уи анэдэлъхубзэр зыщумыгъэгъупщэ.

----- уи бзэми уримыук1ытэ, ук1ытэгъуэр уи хэку ущыпсэужу абы уримыпсэлъэнырщ.

-Фыпсэу , ц1ык1ухэ, ф1ы дыдэу жыф1ащ. Мис ахэр фэри зыщывмыгъэгъупщэ.

**4.Зыгъэпсэхуныгъэм хухэха дакъикъэ.**

**Доджыр адыгэбзэр**
**Нэхъ къулей мэхъу …..!**

**5. Къащ1ар егъэбыдыл1эн.**
**Псалъэ гъуэщахэр зэхэхыжауэ псалъэжь къыхэщык1ын.**
***Доскам к1эрагъапщ1э псалъэжьхэр я зэк1элъык1уэк1эр зэгъэпэщыжын.***
**Лъэпкъри, к1уэдыжмэ, к1уэдащ, бзэр.**
**Анэм, уи, лъагъу, хуэдэу, бзэр.**
**Хэку, хамэ, сыщытхъэ, нэхърэ, хэкужь, сыщыл1э,си.**
**Бзэр, уи, емык1ущ, умыщ1эну.**
**Бзэмрэ, зэтохуэ, псэмрэ.**
**Гупсыси, т1ыс, псалъэ, зыплъыхьи.**

---Фыпсэу, ф1ы дыдэу фелэжьащ.

***-Анэдэлъхубзэхэм и махуэу иджы дыдэ ,*** **мазаем и 21-м щытащ,адрей еджап1эхэми хуэдэу фэри бзэм теухуауэ усэ зэвгъэщ1ауэ къыщ1эк1ынщи апхуэдэ фхэтрэ фи усэхэм фыкъытхуеджамэ икъук1э гуапэ тщыхъунут.**
**Ф1ыщ1э хуэщ1ын.**
**Апхуэдэу щыхъуак1э сэри ф1ыуэ слъагъу усэхэм ящыщ зы фезгъэдэ1уэнщ.**
**Усэхэм къоджэ.**
(Еджак1уэ еда1уэхэм ягу зэрырихьар смайликхэмк1э къагъэлъагъу

**---Фыпсэу.**
**Уи хэку, уи бзэ , укъэзыухъуреихь дунейм ухуэпэжу, гущ1эгъу пхэлъу, адыгэм ди хабзэ дахэхэм утету**
**дэтхэнэ зыри фыпсэун хуейщ.**
**Дызэджэ тхыгъэхэри сэбэп къытхуохъу , а щытык1э дахэхэр зыхэдубыдэнымк1э.Лъэпкъым и хъугъуэф1ыгъуэхэм дрихъумак1уэу, дгъэбагъуэу дыщытын хуейщ.**

**6.Рефлексия.( под кабардинскую мелодию)**

**Таблицэм и ет1уанэ къехыгъуэр къэпщытэжын**

**( урокым и пэщ1эдзэм фи1а щ1эныгъэм зихъуэжауэ къэфлъытэрэ. Фи таблицэм ит къехыгъуит1ыр зэвгъапщэт.)**

**Урокым къывита гукъыдэжыр сыт хуэдэ ?**

**Гъащ1эм къыщывгъэсэбэпын хэлъа урокым?**

**7. Оценкэ яхуэгъэувын.**

**8.Унэ лэжьыгъэр**:

**Сэ къыфхуэзгъэхьэзыра унэ лэжьыгъэр творческэ лэжьыгъэщ**. Фи унагъуэ щ1эсхэри къыфхэту упщ1эм жэуап ефт.

**9.Фыпсэу. Узыншэу фыщытхэ!**